

Rezime Politik Èd Finansyè Nan Yon Langaj Klè

Mount Auburn Hospital (MAH), yon lopital ki bay swen sante epi ki pa la pou fè pwofi, te kreye pou reponn ak bezwen moun ki rete Massachusetts yo ak moun ki rete nan zòn vwazen yo. Lopital la angaje li pou li bay pasyan yo sèvis medikal kèlkeswa kapasite ekonomik yo. MAH konnen se pa tout pasyan yo ki kapab peye fakti lopital yo. Rezime sa ki nan yon langaj ki klè epi ki senp bay enfòmasyon bazik yo sou Politik Èd Finansyè nou an.

Politik Èd Finansyè MAH

Staf konseye Finansyè nou an pral ede moun yo aplike pou pwogram asirans maladi gouvènman yo epi ede yo ranpli demand Èd Finansyè a san fè yo peye. Pwogram Èd Finansyè a ofri sèvis ijans ak lòt sèvis medikal nesèsè gratis pou pasyan ki kalifye pou sa. Ni pasyan ki pa asire ditou, ni pasyan ki gen yon asirans ki pa ka kouvri tout sèvis yo kapab mande yon èd finansyè. Lè yo fin apwouve, pasyan yo ka jwenn asistans ki gen rapò ak nenpot pasyan ki responsab dèt sila:

Swen karitatif

Nivo Povrete Federal	Kantite lajan pou Asistans
400% oswa mwens	100%

Difikilte Medikal

100% rediksyon pou pasyan ki gen dèt medikal ki siperyè oswa egal a 25% lajan ki antre nan fanmi yo. **Enpòtan:** Kontribisyon ki pa nan Rezo a, ko-asirans ak franchiz yo pa kalifye pou èd finansyè. Nan okenn ka, Yon pasyan ki kalifye pou èd finansyè pap peye plis pase kantite kòb yo mande pasyan ki asire yo.

Kijan Pou Jwenn Kèk Egzanplè Sou Politik Ak Aplikasyon Pwogram Èd Finansyè Nou An.

Ou ka jwenn yon kopi politik ak fòm aplikasyon gratis nou yo nan fason sa yo:

- Sit entènèt MAH:
<https://www.mountauburnhospital.org/patient-s-visitors/billing-insurance/billing-policies/>
- Vizite biwo konsèy finansyè nou an ki chita nan: Sèvis èd finansyè ki nan lopital Mount Auburn 330, rue Mount Auburn, Pavillon Clark, 2nd Floor, Cambridge, MA 02138
- Mande kèk kopi ou ka voye pa lapòs oswa pa mwayen elektronik lè w konpoze nimewo sa: (617) 499-5560 (ou ka rele nimewo sa tou pou w mande èd nan sa ki gen pou wè ak pwosesis demand lan)
- Zòn admisyon / anrejistremant nan MAH
- Biwo konsèyè nan domèn aplikasyon ki sètifye.
- Nan depatman Ijans nou an.

Politik Èd Finansyè, Aplikasyon ak Rezime Politik Èd Finansyè a Nan Yon Langaj Klè disponib nan divès lang sa yo.

Politik Èd finansyè yo, Aplikasyon ak Rezime Politik Èd Finansyè nan langaj klè yo disponib nan lang anba yo:

Anglè	Espanyòl	Fransè
Kreyòl Ayisyen	Chinwa Senplifye	Chinwa Tradisyon
Pòtigè	Grèk	Ris
Amenyen		

Pwoteksyon anba Politik Èd Finansyè

Pasyan yo ta dwe aplike pou pwogram asirans maladi gouvènman yo pandan peryòd 6 mwa k ap swiv demann èd finansyè yo pou yo kapab elijib pou èd MAH a. Pasyan yo/ Garan yo kapab mande Yon èd finansyè nan nenpòt ki moman, rive jiska De San Karantèm (240) jou aprè premye relve faktirasyon apre egzèyat la disponib

Byen ranpli demand ou an epi voyel bay:
Mount Auburn Hospital Financial Assistance Dep't
330, rue Mount Auburn, Pavillon Clark, 2nd Floor
Cambridge, MA 02138

Depi demand lan apwouve, èd finansyè yo pral aplike nan:

- Anna Jaques Hospital
- Addison Gilbert Hospital
- BayRidge Hospital
- Beth Israel Deaconess Medical Center
- Beth Israel Deaconess Hospital-Milton
- Beth Israel Deaconess Hospital-Needham
- Beth Israel Deaconess Hospital-Plymouth
- Beverly Hospital
- Lahey Hospital & Medical Center
- Lahey Medical Center, Peabody
- Mount Auburn Hospital
- New England Baptist Hospital
- Winchester Hospital
- Mount Auburn Hospital
- New England Baptist Hospital
- Winchester Hospital

NB: Gen nan pami medsen yo ki pa kouvri anba politik èd finansyè MAH yo. Tanpri, vizite sit entènèt nou an oswa kontakte nou nan (617) 499-5560 pou plis enfòmasyon.

